

Retrèt Sekirite Sosyal Benefis yo se pou moun ki te peye taks Sekirite Sosyal atravè salè yo te resevwa nan ansyen travay yo epi ki rive nan laj retrèt. Si ou te gen yon travay pandan lavi ou epi ou gen 62 an oswa plis, ou gen dwa resevwa yon sèten kantite revni retrèt Sekirite Sosyal. Ou ka mande pou pran retrèt bonè pou kòmanse a laj 62 an. Laj retrèt konplè a depann de ane ou te fèt epi li ka rive jiska 67 an. Kantite benefis retrèt Sekirite Sosyal ou resevwa a depann de konbyen ou te peye nan taks Sekirite Sosyal pandan ou t ap travay ak ki laj ou genyen lè ou kòmanse resevwa benefis sa yo.

Elijibilite

Nenpòt moun ki peye ase taks Sekirite Sosyal pandan tout lavi pwofesyonèl li kalifye pou benefis retrèt Sekirite Sosyal lè li rive nan yon sèten laj.

Gouvènman an itilize yon sistèm kredi "kredi Sekirite Sosyal" — pou detèmine si ou te peye ase taks Sekirite Sosyal pou kalifye pou benefis retrèt. Ou touche kredi ki baze sou konbyen lajan ou touche pandan w ap travay. Kantite lajan ou dwe touche pou egal a yon kredi [chanje chak ane](#). Ou ka sèlman touche jiska 4 kredi nan yon ane, kèlkeswa kantite lajan ou touche.

Nenpòt moun ki fèt apre 1928 bezwen 40 kredi an total (jeneralman anviwon 10 ane travay) pou jwenn benefis Sekirite Sosyal. Si ou te sispann travay anvan ou te gen 40 an, kredi ou te fè yo rete la, kidonk ou ka ajoute yo si ou rekòmanse travay.

Benefis retrèt Sekirite Sosyal yo baze ni sou lajan ou te touche pandan w ap travay la, ni sou laj ou chwazi pou pran retrèt la.

Anplis kredi Sekirite Sosyal ou bezwen yo, pou aplike pou benefis ou dwe gen omwen 61 an ak 8 mwa tou. (Laj ki pi jèn ou ka kòmanse resevwa benefis yo se 62 an.)

Montan Retrèt Sekirite Sosyal

Social Security payments are different for everyone because they are decided by a number of factors. What you get for your own retirement will depend on:

- **Laj konplè ou pran retrèt ou:** Malgre ou ka kòmanse kolekte depi a laj 62 an, kantite lajan ou jwenn nan chak peman ap depann de si ou pran retrèt anvan oswa apre "laj retrèt konplè" ou. Sa baze sou ane ou te fèt, epi [ou ka jwenn laj retrèt konplè ou ISIT LA](#)
- **Lè ou kòmanse kolekte:** Si ou kolekte lajan anvan laj retrèt konplè ou a, sa ka diminye peman masyèl ou yo, pandan ke [retade yo apre laj retrèt ou](#) ka ogmante kantite lajan ou resevwa a.
- **Si ou kontinye travay:** Si ou kontinye travay apre ou fin kòmanse resevwa peman Sekirite Sosyal, sa ka ogmante kantite lajan ou pral resevwa alavni, paske SSA a rekalkile peman yo pou moun k ap resevwa yo chak ane.

Si fanmi ou kalifye pou benefis yo: Gen kèk manm fanmi ki ka kalifye pou resevwa benefis nan kont Sekirite Sosyal ou a, jiska mwatye montan benefis retrèt konplè ou a. Sa p ap diminye montan ou resevwa pèsònèlman nan benefis Sekirite Sosyal ou yo.

Administrasyon Sekirite Sosyal la gen yon [Estimètè Retrèt](#) pou ede w gen yon lide jeneral sou sa ou ka espere resevwa.

Bagay pou konsidere

Yo deside kantite lajan ou resevwa chak mwa nan Pansyon Sekirite Sosyal la dapre pi gwo salè ou touche pandan 35 ane travay ou. Si ou pa t travay pandan 35 ane konplè, y ap diminye benefis ou yo, paske ane ou pa t travay yo konte kòm zewo.

Si ou tann pou kòmanse resevwa benefis retrèt, kantite lajan total ou resevwa chak mwa ap ogmante. Lè ou tann, sa ka ogmante tou kantite lajan moun ki siviv yo resevwa lè ou mouri. Konsidere benefis fanmi ou ka gen dwa resevwa sou kont ou a pou ede ou deside si ou vle kòmanse resevwa peman retrèt pi bonè oswa pita.

Chèche "laj retrèt konplè" ou, ki diferan selon lè ou te fèt. Pran retrèt anvan oswa apre laj sa a gen yon gwo enpak sou kantite lajan ou pral resevwa.

<https://www.ssa.gov/planners/retire/ageincrease.html>.

Si ou kòmanse resevwa benefis anvan laj retrèt konplè a epi ou kontinye travay, montan masyèl ou a ap redwi tanporèman. Ou ap toujou resevwa lajan SSA te kenbe a — y ap ajoute l nan benefis masyèl ou yo apre ou fin rive nan laj retrèt konplè a, kit ou kontinye travay kit ou pa.

Se pa tout moun ki oblije peye taks sou revni sou benefis retrèt Sekirite Sosyal yo.

Pou wè si w ap bezwen peye sa, tcheke paj SSA a sou taks ISIT LA:

<https://www.ssa.gov/planners/taxes.html>

Ou ka jwenn benefis si ou se yon sitwayen ameriken epi ou ka gen dwa jwenn benefis si ou se yon imigran legal ki prezan legalman nan peyi a (osi lontan ke ou menm ak anplwayè ou yo te peye taks Sekirite Sosyal).

Travay ou te fè ki pa t peye taks Sekirite Sosyal ka diminye kantite lajan ou resevwa chak mwa.

Ou ap kontinye resevwa benefis retrèt ou pou tout rès vi ou, kidonk konsidere sante ou ak esperans lavi ou lè w ap deside ki lè pou kòmanse kolekte. Retade peman yo ap ogmante kantite lajan total ou resevwa chak mwa lè ou finalman kòmanse kolekte.

Si ou deja kòmanse resevwa peman retrèt, ou ap otomatikman enskri nan Medikè lè ou gen 65 an.